*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№144 (26357)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2025 азы 13 август — майрæмы мæйы 13 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 БАРАД
*Зындзинæдтæ нæ хонынц æнтыстытæм*

3 ТЕМАТИКОН ФАРС
*Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Уæззау атлетикæ*

**Хицауады æмбырд**

## Закъоны домæнтæм гæсгæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады радон æмбырд амыдта йæ Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис. Рæгъмæ цы фарстатæ рахастой, уыдон иууылдæр баст сты нæ республикæйы социалон-экономикон рæзтимæ.**



Хицауады уæнгтæ ивддзинад бахастой республикон закъонмæ, ныхас дзы цæуы социалон объекттæ æмæ егъау инвестпроекттæн зæххы хæйттæ арендæйы æнæ базар кæнынæй дæттыныл. Ацы хъæппæрис рахаста РЦИ-Аланийы Экономикон рæзты министрад. Закъоны домæнтæм гæсгæ, ахæм социалон объекттæ хъуамæ æххæст кæной нæ республикæйы алывæрсыг райрæзты стратеги æмæ программæты домæнтæ æмæ нысантæ. Уымæй уæлдай, фадат дæттой ног куысты бынæттæ аразынæн, æфтиæгтæ хæссой бюджетмæ.

Хицауады Сæрдар куыд бафиппайдта, афтæмæй республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы уынаффæйæ инвесторты раз сæвæрдтой уæлæмхасæн домæнтæ. Закъонмæ ивддзинæдтæ фадат дæттынц социалон-экономикон фарстатæ алыг кæнынæн, ног куысты бынæттæ аразынæн æмæ хъалонты нымæц фæфылдæр кæнынæн.

РЦИ-Аланийы Промышленность æмæ инвестициты министрад фæндон бахаста æрмдæсныты куыстытæн аргъгæнæг экспертон советы архайды фæтк сфидар кæнын. Советы уæнгтæн бар уыдзæн æрмадзты архайдæн аргъ кæнын.

– Цæгат Ирыстон йæ культурæ æмæ историйæ у хъæздыг. Национ хуызимæ дзаумæттæ чи кæны, уыдонæн сæ архайд уыдзæн æххуыс, – фæнысан кодта Дзанайыфырт.

Хицауады уæнгтæ æркастысты æмæ сразы сты ноджы ма иу ахсджиаг фарстаимæ – горæттæ æмæ хъæуты уынгты фæндæгты техникон уавæрмæ чи кæсдзæн, ахæм цæстдарæг къамис саразынимæ. Йæ хæс уыдзæн æппæт информаци æмбырд кæнын. Куыстытæ цæудзысты национ проект «Инфраструктурæ цардæн»-ы бындурыл.

Хицауады Сæрдары хъуыдымæ гæсгæ, хъæууон фæндæгты уавæр ныртæккæ тынг ахсджиаг у. Арæзт æмæ цалцæггонд цæуынц бирæ автомобилон фæндæгтæ, фылдæр æргом аздахын хъæуы, хæххон, туристон, фæлладуадзæн бынæттæм чи хæццæ кæны, уыдонмæ.

Нырæй фæстæмæ гимназ «Диалог» хæсдзæн Уæрæсейы Хъæбатыр Тыбылаты Мараты ном. Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайгæйæ, æрыгон лæппу фæмард, йе 'фсæддон хæс æххæст кæнгæйæ. Æмбырды архайджытæ сразы сты РЦИ-Аланийы Культурæйы министрады ацы хъæппæрисимæ.

– Æнæмæнг, хъæбатыры ном рох нæ уыдзæн, рæзгæ фæлтæры патриотон хъомылад æмæ историон æцæгдзинад бахъахъхъæныныл, – загъта Дзанайты Барис.

Хицауады уæнгты уынаффæйæ Бæхты спортивон скъола хæсдзæн Уæрæсейы сгуыхт тренер Хъыбызты Фердинанды ном.

Сæрдыгон фæлладуадзæн рæстæг лæвар балцæгтæ райсдзысты сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты, стæй, Сирийы, Курскы, Белгород æмæ Брянскы йе 'фсæддон хæс чи æххæст кæны, уыдоны сывæллæттæ. Æдæппæтæй, ацы аз ахæм гæнæн уыдзæн 36 мин сывæллонæн. Ацы хъуыддагæн радих кодтой 230 милуан сомы.

РЦИ-Аланийы Фæсивæды комитеты сæрдар Джусойты Руслан фехъусын кодта нæ республикæйы Хицауады премийы лауреатты нæмттæ. Уыдон сты – Цæгат Ирыстоны фæсивæдон æхсæнадон организаци «Ног фæлтæр»-ы сæрдары хæдивæг **Бæззаты Алан**, Цæгат Ирыстоны Базарадон-экономикон колледжы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг **Дзусты Бэлæ**, фæсивæды æфсæддон-патриотон хъомылады центры директоры хæдивæг **Тъехты Эльбрус**.

Абайты Васойы номыл стипенди райсыны фадат нырæй фæстæмæ уыдзæн æппæт уæлдæр ахуыргæнæндæтты, наукон-иртасæн институты, наукон центрты ахуырдзаутæ æмæ кусджытæн. Номхыгъд фæуæрæхдæр кодтой Хицауады уæнгтæ сæ уынаффæйæ.

– Национ культурæ æмæ наукæйы райрæзтæн хорз æххуыс у. Ныр 20 азæй фылдæр сæдæгай æрыгон ахуыргæндтæ райстой ацы стипенди, – фæбæрæг кодта Хицауады Сæрдар.

**ГУГКАТЫ Жаннæ,**
**къам систа**
**Татьянæ ШЕХОДАНОВА**

**Æхсæнадон змæлд**

## Сæрмагонд операцийы ветерантæ æмæ бинонтæн

**Ногарæзт фæсивæдон змæлд «Топаз»- ы волонтертæ сæрмагонд æфсæддон операцийы ветерантæ æмæ сæ бинонтæй исынц æрвылбоны аразинаг фарстатæ æххæст кæныны фæдыл курдиæттæ. Змæлд нырма ныр райдыдта йæ архайд æмæ ныфс ис, йæ уæнгтæ фылдæр кæй кæндзысты, сæ архайд та — хъомысджындæр.**

**Валерий Васильев, Кæркуысты Иракли** æмæ **Годжыцаты Сослан** – змæлд «Топаз»-ы саразджытæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы ветерантæ, алкæмæн дæр дзы ис йæхи уæззау хæстон хъысмæт. Сæ алкæцы дæр у хицæн æрмæджы аккаг. Валерийыл цæуы 27 азы, Рязаны уæлдæр уæлдæфон-десантон училищæйы рауагъдон фыццаг бонтæй уыд хæсты цæхæры. Æрыгон командир йе 'мбæлтты къордимæ авдæй бацахстой æнцайæн пункт Харьковы облæсты, хорзæхджын æрцыд Суворовы майданæй. 2022 азы октябры фæцис уæззау цæф, куы сдзæбæх, уæд демобилизацийы фæстæ сыздæхт Ирыстонмæ, Иракли æмæ Сосланимæ сæ хъарутæ æрбамбырд кодтой, æмæ уæхскуæзæй бавнæлдтой иннæ ветерантæ æмæ сæ бинонты сагъæстыл кусынмæ.





КÆРКУЫСТЫ Иракли, ГОДЖЫЦАТЫ Сослан, Валерий ВАСИЛЬЕВ

– Æрхæсдзынæн ахæм дæнцæг: ветераны идæдзæн йæ хæдзары цар тæдзы, мах уый базыдтам йæ курдиатæй, нæ волонтертæ ацыдысты бынатмæ, федтой уавæр, æрбацыдысты æмæ иумæ баныхмадтам хæрдзты бæрц, стæй гæххæттытæ балæвæрдтам республикæйы хицауадмæ. Фæрæзтæ радих кæндзысты, æмæ сылгоймаджы цæрæнуатмæ волонтертæ базилдзысты, – зæгъы Валерий Васильев, фæсивæдон змæлды разамонæг.

– Мæхицæн мын куыд баххуыс кодтой «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ»- йы фонды уæнгтæ, афтæ хъуамæ æххуыс кæнон æз дæр, чи фæмард, уыдоны ныййарджытæ, бинойнæгтæ, стæй сæ сабитæн, – зæгъы Кæркуысты Иракли. Лæппу у, бархионтæй Харьков райсыны хæстыты 2022 азы февралы фыццагдæр чи архайдта, уыдонæй. Уый фæстæ арæзт æрцыд «Аланийы батальон», æмæ хæцыд Запорожьейы облæсты.

– Сергей Меняйло йæ ныхасæн хицау разынд, бархионты къорд аразгæйæ нын зæрдæ бавæрдта, йæхæдæг дæр немæ кæй ацæудзæн, æмæ йæ æххæст дæр скодта, – сæрыстырæй дзырдта Иракли нæ уацхæссæгимæ ныхасы рæстæг.

Цæстæй хорз нæ уыны контузийы фæстæ, «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ»-йы фонды 'ххуысæй йын хъуамæ скæной операци, координатортæ йын баххуыс кодтой гæххæттытæ сæмбырд кæнынмæ. Рацыд республикон программæ «Ирыстоны намысæн»-ы кæронбæттæнмæ, æрæджы та кусын райдыдта доны хæдзарады мастерæй.

Сæрмагонд æфсæддон операцийы ветеран Годжыцаты Сослан уыд æппæтуæрæсеон конкурс «Памяти героев верны!»-йы архайæг. Фыссы æмдзæвгætæ, зары, цæгъды гитарæйыл, уарзы спорт. Батальон «Сæрмæт»-ы службæ кодта 2022 азы октябрæй, декабры та йыл схæцыд фистæг æфсады ныхмæ минæ... Æртæ лæппуйы дæр сты хицæн чингуытæ сыл ныффыссыны аккаг, зындзинæдты сæрты ахизгæйæ, ныр тырнынц сæхи хуызæттæн, стæй, йæ цард æрдæгыл кæмæн аскъуыд, уыдоны бинонтæн æххуыс кæнынмæ. Сæ исæнуат æрбынат кодта Дзæуджыхъæуы «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ»-йы хæдзары, Дзанайы-фырты уынджы 69-æм номыры. Фарстатæ бæлвырд базоныны фæдыл ма ис бацæуæн горæты Интернационалон уынджы 93-æм номыры «Æхсæнадон организациты хæдзармæ». Бастдзинады телефон: 8-(8672)-54-88-89.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ,**
**авторы ист къам**

**Форум**

## «Æрыгон»: фæрныгдæр фидæны нысантæ

**Хæххон хъæу Дæргъæвсы ацы бонты йæ куыст кæны студентты форум «Æрыгон». Уыцы фæсивæдон æмбырдæн фадæттæ сарæзтой зонындзинæдты федералон центр «Машук» æмæ РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**

Æмбырдæн йæ архайджытæ та сты, раззагдæр уæрæсейаг уæлдæр ахуыргæнæндæтты студенттæ кæнæ рауагъдонтæ чи сты, Хуссар æмæ Цæгат Ирыстонæй рацæугæ уыцы фæсивæд (æдæппæт 120 адæймагæй фылдæр).



Æрыгон фæлтæры минæвæртты слет байгом кæныны фæдыл кадджын æмбырды архайдтой РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Платы Альбинæ**, республикæйы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**, æндæр уазджытæ.

Хицауады Сæрдары хæдивæг форумы архайджытыл сæмбæлын кодта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы зæрдиаг арфæтæ.



«Форумы номæн «Æрыгон» хуымæтæджы нæ равзæрстам. Уымæн æмæ сымах – курдиатджын, хъомысджын, хъæппæрисджын студенттæ стут нæ бæстæйы сæйраг ныфс. Сымахæй аразгæ уыдзæн алкæцы регион æмæ æппæт Уæрæсейы фæрныгдæр фидæн. Уæ зонындзинæдтæ æмæ хъæппæристыл æнцой кæндзæн райсомы бон. Мæ зæрдæ дарын, форумы цы бонтæ арвитат, уыдон уын цымыдисаг æмæ пайдайаг кæй уыдзысты, ууыл. Базонгæ уыдзыстут ног адæмимæ, райсдзыстут ног зонындзинæдтæ, фæхай уыдзыстут кæрæдзийы фæлтæрддзинадæй... Æмæ æппæт уыдæттæ – Ирыстоны алæмæты æрдзы хъæбысы», – загъд ис Сергей Меняйлойы арфæйы фыстæджы.

Цæттæгæнæг комитеты минæвæрттæ куыд радзырдтой, афтæмæй форумы архайджытæн бацæттæ кодтой хъæздыг ахуырадон æмæ хиирхæфсæн программæ.

– «Машук»-ы специалисттæ форумы архайджыты размæ рахæсдзысты, фæсивæд ахуыры фæстæ сæ хъарутæ æмæ зонындзинæдтæ кæцы къабæзты равдисой, цавæр æхсæнадон æмæ куыстадон проекттыл бакусой, стæй райгуырæн дыууæ республикæйы дарддæры фæрныгадыл куыд æфтауой, æппæт уыдæтты тыххæй фæндæттæ æмæ амынддзинæдтæ. Уыимæ, фæсивæдæн ма иу хатт сæ зæрдыл æрлæууын кæндзыстæм, Ирыстон æмæ æппæт Цæгат Кавказы хæдбындур культурæ, æгъдæуттæ æмæ историон хæзнатæ хъахъхъæнинаг кæй сты, уый дæр», – радзырдта центр «Машук»-ы генералон директор, уæрæсейаг æхсæнад «Зонынад»-ы сæрдары хæдивæг **Антон Сериков**.

Лекцитæ, тренингтæ, мастер-класстæ, фембæлдтытæ æфсæддон службæгæнджытимæ, политиктимæ, амалхъомтимæ, культурæйы, спорты æмæ иннæ къабæзты зындгонд минæвæрттимæ æмæ бирæ æндæр мадзæлттæ æнхъæлмæ кæсынц форумы архайджытæм...

Антон Сериков куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй зонындзинæдты центр «Машук» æмæ РЦИ-Алани ацы форум аразынц, 2023 азы Бетъырбухы дунеон экономикон форумы цы æмгуыстады бадзырд бафыстой, уый бындурыл. Уыимæ, «Машук» æмæ Цæгат Ирыстон кусынц æндæр иумæйаг проекттыл дæр.

Фæндараст у, «Æрыгон»!

**СЛАНТЫ Аслан**

### Дзырды фарн

*Цухдзинæдтæ бамбæхсын хъæбатырдзинад нæу, фæлæ цухдзинæдтæ раргом кæнын лæгдзинад у.*

***ЦОЦИТЫ Резо***

Боныхъæд

Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **13 августы** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **15-26 градусы онг хъарм.**

Боны дæргъ — 14,02

Хурыскаст — 05,05
Хурныгуылд — 19,07

Валютæйы аргъ

Доллар — 79,86
Евро — 92,34

12 +

**Социалон фондæй**

# Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн – алыхуызон æххуыстæ

**Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн алыхуызон æххуыстæ райсæн ис Уæрæсейы Социалон фонды Цæгат Ирыстоны хайады. Иурæстæгон фиддонтæ, компенсацитæ æмæ социалон пособитæ сæ бон райсын у сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг тыхы ведомствæты минæвæрттæн, сидтмæ гæсгæ æфсæддон службæгæнджыты бинойнæгтæн, сывæрджын сылгоймæгтæн, ныййарджытæ æмæ иннæ хæстæджытæн.**



Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты пенсион бартæ æххæстгонд цæуынц хицæн хуызы. Пенсион стаж сын нымад цæуы дывæрæй. Зæгъæм, 1 азы службæ нымад цæуы 2 азыл. Уыимæ сын хыгъд цæуы уæлдæр пенсион коэффициенттæ: 1.8 бæсты 3.6.

Æнæкуыстхъом чи суа, уымæн фидынц фæдзæхстадон кæнæ социалон пенси, кæд тыхы ведомствæтæй пенси нæ исы, уæд.

Бархионтæй æфсæддон операцийы архайгæйæ æнæкуыстхъом чи суа, уыдонæн Уæрæсейы Социалон фонды Цæгат Ирыстоны хайад нысан кæны дыууæ пенсийы: паддзахадон куыд æнæкуыстхъомæн æмæ фæдзæхстадон зæронды кармæ гæсгæ.

Уымæй уæлдай ма, хæсты чи фæцæф уа, уымæн фиддзысты æрвылмæйон компенсаци. Йæ бæрц аразгæ уыдзæн, кæцы къорды æнæкуыстхъом уа, уымæ гæсгæ. Хæстон архайды ветерантыл нымад чи æрцæуа, уыдонæн Уæрæсейы Социалон фонды Цæгат Ирыстоны хайад фиды æрвылмæйон æхцайы фæрæзтæ.

Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайгæйæ чи фæцæф, уыдонæн бар ис реабилитацийы техникон фæрæзтæ райсынæн. Ветерантæн уыцы æххуыс кæны Социалон фонды Цæгат Ирыстоны хайад сæрмагонд федералон номхыгъдмæ гæсгæ.

2025 азы райдайæнæй фæстæмæ сæрмагонд æфсæддон операцийæ чи сыздæхт, уыдонæн ис Социалон фонды центрмæ хауæг медицинон реабилитаци æмæ санаторион-курортон дзæбæхгæнæнтæй пайда кæныны бар. Уымæн хъæуы, цæмæй гражданинмæ уа хæсты архайæджы ветераны æвдисæндар, дзæбæх кæныны æмæ реабилитацийы хъæугæ, стæй, йæ службæ кæй ахицæн, уый тыххæй гæххæттытæ. Уымæй уæлдай ма Уæрæсейы Социалон фонды Цæгат Ирыстоны хайад баххæст кæндзæн, дыууæрдæм фæндаггаг хардзгонд цы æхцайы фæрæзтæ æрцæуой, уыдон.

Курдиæттæ бадæттæн ис Уæрæсейы Социалон фонды РЦИ-Аланийы хайады æппæт клиентон службæтæ æмæ паддзахадон лæггæдтæм.

Сæрмагонд æфсæддон операцийы ветераны бинонтæн хуымæтæг уавæрты арæзт цæуынц сывæллоны райгуырды æмæ хъомыл кæныны пособитæ.

Уæрæсейы Социалон фонды иугонд контакты центр: 8-800-100-00-01 (бадзурæн ис лæвар, регионалон хайады куыст: къуырисæрæй цыппæрæммæ 9.00-18.00 сахатмæ, майрæмбоны – 9.00-16.45).

**Уæрæсейы Социалон фонды РЦИ-Аланийы хайады пресс-службæ**

**Зæрдылдарæн цау**

# Уæрæсейы телеуынынад æмæ радиойы хызæджы бæрæгбон

**Æрвылаз 13 августы бæрæггонд цæуы Уæрæсейы телеуынынад æмæ радиойы хызæджы сарæзты бон. Нымæцон телеуынынад æмæ радиохъусынады дунейы æппæты егъаудæр хызæгыл абон æххæст кæны 24 азы.**

Уæрæсейы телеуынынад æмæ радиойы хызæджы регионалон дæлхайад æнтыстджын куыст кæны Цæгат Ирыстоны дæр. Регионалон дæлхайады скондæ цы 31 станцæйы кусы, уыдоны фæрцы хæрзхъæд




телеуынынад æмæ радиохъусынады сигнал хæццæ кæны республикæйы цæрджыты 99,9 процентмæ.

Нымæцон федералон теле- æмæ радиоканалты программæтæй уæлдай, регионы цæрджытæн ис бынæттон телеуынынад æмæ радиохъусынады рауагъдтимæ зонгæ кæныны фадат дæр. Уыимæ, паддзахадон телерадиокомпани «Алания»-йы хицæн рауагъдтæ æвдыст æрцæуынц телеканалтæ «Россия 1» æмæ «Россия 24»-йы эфиры, телеканал «Осетия-Ирыстон»-ы рауагъдтæ та – федералон телеканал «ОТР»-ы эфиры. Уымæй уæлдай, Уæрæсейы телеуынынад æмæ радиойы хызæджы регионалон дæлхайад республикæйы цæрджытæм хæццæ кæны, FM-диапазоны чи кусы, уыцы 7 радиостанцæйы программæтæ дæр.

Æппæт уыцы куыстытæ сты, 100 адæймаджы бæрц кæм кусы, уыцы коллективы бæрны.

Уæрæсейы телеуынынад æмæ радиойы хызæг арæзт æрцыд бæстæйы Президенты Указæй 2021 азы. Куыстуаты дæлбар ис радио æмæ телеуынынады 79 регионалон центры, стæй иумæйаг куыстадон-технологон комплекс. Хызæджы бæрны цы 5 мин регионалон дæлстанцæйы кусы, уыдон телеуынынад æмæ радиойы сигнал хæццæ кæнынц Уæрæсейы цæрджыты 98,6 процентмæ. Компанийы зындгонддæр объект у Останкинойы телеуынынады мæсыг Мæскуыйы (йæ бæрзæнд у 540 метры).

Уæрæсейы телеуынынад æмæ радиойы хызæджы архайдæн стратегион нысаниуæг ис бæстæйы ædасдзинад æмæ технологон хæдбардзинад хъахъхъæныны, граждæнтæм æппæтвæрсыг информаци хæссыны хъуыддаджы.

**Уæрæсейы телеуынынад æмæ радиойы хызæджы РЦИ-Аланийы дæлхайады пресс-службæ**

**Барад**

# Зындзинæдтæ нæ хонынц æнтыстытæм

**Нæ бæстæйы фæтк æмæ ædасдзинад хъахъхъæнæг сты барады кусджытæ. Уæлдай æргом пъæлицæйы кусджыты бавæрæнмæ аздахын хъæуы Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы аз. Уыдон æвæллайгæйæ хуыздæр æмæ уæлдæр кæнынц сæ дæсныдзинад, уæлдайдæр та хæстон æмæ физикон цæттæдзинад.**

Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады физикон цæттæдзинадæн бæрнон у лейтенант **Зыгъуытаты Арсен**. Уый фидарæй уырны: пъæлицæйы кусджытæ хъуамæ иттæг хорз цæттæ уой, уыимæ физикон бакаст, бавнæлд ацы ран ахсджиаг сты. Физикон цæттæдзинад пъæлицæйаджы удварны, барæмвæнды миниуджыты сæйраг рахæцæн у. «Хъуамæ бæстæйы бæрны уæвæг адæймаг физикон æгъдауæй кæддæриддæр уа æххæст», – афтæ нымайы Зыгъуытайы-фырт.



Рæзгæ уд бæллицтæй дзаг куы уа, уæд æй æнæмæнг рахондзысты раст фæндагмæ. Зыгъуытаты æрыгон лæппуйæн дæр кæддæриддæр рæстагдзинад уыд сæйрагдæр, фæндыд æй закъон хъахъхъæнын, фыдгæнджытимæ тох кæнын. Номдзыд Эрих Мария Ремарк дзырдта, æнæ бæллиццæй адæймаджы цард кæй ницы у. Уымæн æмæ уый руаджы рацæуы размæ, ссары йæ бынат. Зыгъуытаты Арсен дæр ахуырмæ бацыд, ссис пъæлицæйы кусæг.

Республикæйы Мидхъуыддæгты министрады стыр фæлтæрддзинад чи райста, уыдонмæ æрыгон пъæлицæйаг лæмбынæг хъуыста, йæхæдæг дæр йæ ахастæй бæрæг дардта. Йæ службæ райдыдта 2019 азы Дзæуджыхъæуы, уырдыгæй йæ 2020 азы раивтой Дыгуры районы мидхъуыддæгты хайадмæ. Уыдис дæсныдзинад æмæ физикон цæттæдзинады хистæр специалист, уый фæстæ службæ кодта Уæрæсейы Гæрзифтонг тыхты.

Уымæй Зыгъуытайы-фырт райста ног фæлтæрддзинад, уый фæстæ куыстмæ æрбацыд Алагиры районы мидхъуыддæгты хайадмæ. Коллективы хæстон æмæ физикон цæттæдзинадæн у бæрнон. Пъæлицæйы лейтенант æппынæдзух йæ хъус дары хайады кусджыты цæттæдзинадмæ, куыддæр ног кусæг фæзыны, афтæ ахуырмæ бавналы. Ома, уыдæттæ бон-дыууæйы фаг нæ акæны, цалынмæ службæйы ис адæймаг, уæдмæ йæ ахуыр кæнын хъæуы.

Ныртæккæ пъæлицæйæгты физикон уавæрмæ бæрзонддæр домæнтæ ис, ис бæлвырдгонд бæрцытæ, æмæ хъуамæ уыдоны аккаг уай. Зыгъуытаты Арсен афæдзы æмбис, стæй азæн скæны кæронбæттæн хатдзæгтæ. Хайады специалисттæ æппынæдзух сæхиуыл кусынц, сæ физикон бакаст зачетты æвдисынц. Иугæр цавæрдæр къуылымпытæ рабæрæг сты, уæд уæлæмхасæн тренировкæтæм бавнал æмæ ногæй зачет ратт.

Зыгъуытаты Арсен хъуамæ специалистты физикон цæттæдзинад, æхсыны, теоретикон зонындзинæдтæ, арæхстдзинад афтæ фæфидардæр кæна, цæмæй пъæлицæйаг алы æнæнхъæлæджы уавæрмæ дæр уайтагъд цæттæ уа. Боны ахастмæ гæсгæ тренировкæтæ вæййынц ног спорткомплекс «Радуга» кæнæ хайады комкоммæ стадионы. Табелон хæцæнгарзæй æхсыны тыххæй ахуырты дæр æмхуызонæй бацархайынц. Пъæлицæйы кусджыты цæттæдзинад фæбæрзонддæр кæнынмæ æппынæдзух йæ хъус дары районы мидхъуыддæгты хайады хицау, пъæлицæйы булкъон **Тлаттаты Аслæнбег.**

Хайады æппæт дæлхайæдты иумæйаг цæттæдзинадæн дзуапдæттæг бæрнонтæ бæрæг сты, дæлхайæдтæ зонынц, графиктæм гæсгæ сæм цæттæгæнæн бонтæ кæд хауынц, уый. Хъуыддагмæ кæсынц бæрнонæй, æмбарынц Зыгъуытайы-фырты домæнтæ. Зыгъуытаты Арсен та афтæ зæгъы: «Зындзинæдтæ нæ хонынц æнтыстытæм. Тæрсын сæ нæ хъæуы».

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

**Арфæйы дзырд**

# Бузныг, дохтыртæ!

**Удыхъæдæй рæсугъд, йæ дæсныйады та сæрæн æмæ иттæг арæхстджын дохтыр рынчынæн йæ низ фæсурыны тыххæй Хуыцау æмæ йе сконд зæдты æмсæр куы басгуыхы, уæд адæймагæй йæ низимæ баст зындзинæдтæ дæр ферох вæййынц. Ахæм дæсны дохтыр æмæ хæрзудыхъæдджын адæймагыл сæмбæлдтæн Цæгат Ирыстоны Медицинон академийы рынчындоны.**



Мæ уарзон æмæ зынаргъ газет «Рæстдзинад»-ы фæрцы мæ зæрдиаг бузныджы ныхас у ацы дзæбæхгæнæн артдзæсты терапевтон хайады сæргълæууæг, РЦИ-Аланийы сгуыхт дохтыр **Теблойты Михалæн**. Ацы хайадмæ æрбахаудтæн æрæджы ме 'нæниздзинад фæфидардæр кæныны тыххæй.

Цы бон æрбацыдтæн, уæдæй, мæ рафиссыны æмгъуыд цалынмæ æрхæццæ, уæдмæ Теблойы-фырт мæ разы цырагъау лæууыд, куы зæгъон, уæд рæдыд нæ уыдзæн. Йæ арæхстджын амынд, йæ удыхъæдæй, йæ фæлмæн дзырдæй мын мæ низ, мæ рыст, тыхст, сагъæстæ рох кæнын кодта. Цыфæнды афон-иуæм бадзур, кæнæ йæм йæ кусæнуатмæ бацу, æмæ дыл фæнды палатæйы, фæнды тыргъы амбæла, уæддæр дын æрмæстдæр йæ мидбылхудтæй, йæ рæвдаугæ узæлдæй дæ низ фæсырдтаид. Цы медицинон амыдтытæ мын кодта, цы хостæ мын рафыста, уыдон мын мæ дзæбæхгæнæг дохтыр **Кехойты Алинæ** æмæ хистæр медицинон хо **Дзагуырты Лаурæйы** хъусдардæй афоныл лæвæрдтой æмæ кодтой хайады медицинон хотæ. Уыдонæн дæр ныллæг кувын. Сæ зын, фæлæ арфæйаг, æнæмæнгхъæугæ, зæрдиаг æмæ адæмы хорзæхæн бæстон архайды, сæ лæггады тыххæй мæ цæст уарзы æнтыстдзинæдтæ, амонд æмæ фæрныгад.

Терапевтон хайады цы дыккаг палатæйы уыдтæн, уым мемæ сæхи дзæбæх кодтой Цæцæны Республикæйæ дыууæ хойы – Хадизæ æмæ Хеди Борзаевтæ. Æз Теблойты Михалæн, Кехойты Алинæ æмæ Дзагуырты Лаурæйæн газет «Рæстдзинад»-ы арфæ кæндзынæн, уый куы базыдтой, уæд сын тынг æхсызгон уыд. Ацы дыууæ уæздан æмæ хæдæфсарм хойы дæр иттæг разы сты Цæгат Ирыстоны Медицинон академийы рынчындоны терапевтон хайады коллективæй, сæ профессиналон зонындзинад, узæлд æмæ лæмбынæг цæстæнгасæй.

Хуыцау нæ рынчындон æмæ дохтыры æвджидæй, низы азарæй куыд хиза, уыцы амонд не 'ппæты дæр уæд. Куы бахауæм сæ уацары, уæд та ныл, мæ фыстæджы цы дохтыртæ æмæ медицинон хоты кой ракодтон, ахæм фæлмæн уды хицау æмæ зондджын дохтыртæ куыд æмбæлой, уыцы хорзæхæй хайджын куыд уæм, уый мæ зæрдиагæй фæнды!

**ДЗАНАЙТЫ-СИХЪОТЫ Заретæ, фæллойы ветеран, Кировыхъæу**

**Къонайы хъарм**

# Моргуаты Инусы фæндæгтæ

**Кæрдзыны астæуккаг скъолайæн ног бæстыхай арæзт куы æрцыдис, уæд дзы уазæгуаты бирæ номдзыд адæм сæмбæлд. Физкультурæйы ахуыргæнæгæй дзы куыста МОРГУАТЫ Инусы фырт Эдислав. Скъолайы директор та уыд Моргуаты Барис.**

Моргуаты Инусы цæрды фæндæгтæ кæдæмты фæхуыдтой... Бирæ зындзинæдтæ федта, фæлæ уæддæр нæ басаст. Инус уыдис Кæрдзыны хъæуы арфæйагдæр фæсивæдæй иу. Сæрæнæй архайдта колхозон цард рапарахат кæныныл æмæ разыйы фæллойы фæрцы ссис колхозы разамонæг.

Моргуаты лæппуйæн афон куы æрцыдис, уæд бакодта бинонты хъуыддаг, йæ хай фæцис ирон æгъдау æмæ фарнæй хæст сылгоймаг Дунетхан. Дыууæ уарзон къаймæ цард йæ мидбылты бахудт, кæрæдзи хорз æмбæрстой, рантыст сын фырыхъулы хуызæн лæппутæ Вильгем, Люксембург, Руслан, Эдислав æмæ иу чызг. Мад æмæ фыды архайд уыдис цоты схъомыл кæныныл æмæ уый сæ къухы æфтгæ дæр бакодта. Фæлæ цоты хъомылад аззад сæ мад Дунетханы æвджид.

Ныннæрыд Фыдыбæстæйы Стыр хæст, æмæ Инус дæр фыццæгтимæ фæцыдис Райгуырæн бæстæ фыдызнагæй бахъахъхъæнынмæ. Партион уæнг уæвгæйæ, Инус архайдта фашистты дæрæн кæныныл. Куыд мын дзырдта, афтæмæй сæ æфсæддон хайæ иу ротæ бахауд æрхъулайы, тæссаг уыдис коммунистты амарынæй æмæ Инус йæ партион билет иу бæласы бын баныгæдта. Æрхъула уæвджыты немыцæгтæ акодтой уацары.

Фæлæ, Моргуаты Инусæн амал куы фæцис, уæд ралыгъдис уацарæй æмæ дарддæр дæр хæцыдис, архайдта знæгты дæрæн кæныныл, хицæн æфсæддон хайы уæвгæйæ. Цæфтæ дæр баййæфта. Хæст куы ахицæн, уæд Инус сыздæхт бирæ хæрзиуджытимæ. Йæ райгуырæн хъæу, йæ бинонты дзæбæхæй куы федта, уæд ноджы фæбæрзонддæр йæ сæрыстырдзинад. Иу бон йæ цардæмбал Дунетханимæ бауынаффæ кодта æмæ абалц кодтой Уæрæсемæ, йæ партион билет цы быдыры баныгæдта, уырдæм. Стыр сæрыстыр уæвгæйæ, схæццæ Кировы районы партион комитетмæ.

Фыццаг нымæрдары уæлхъус æрлæугæйæ, Моргуайы-фырт бавдыста йæ партион билет. Сæрыстырæй æрлæууыд хæлд колхоз йæ къæхтыл слæууын кæныныл. Разамынд лæвæрдта иуцасдæр колхозæн, фæстæдæр та суанг пенсимæ рацæуыны онг фæкуыста сæрдары хæдивæгæй.

Хистæр лæппу Вильгем каст фæци хъæууонхæдзарадон институт æмæ Стъараполы фæкуыста зоотехникæй, фæстæдæр та – разамонæгæй. Дыккаг фырт бæстон куыст фæкодта Кировы консервгæнæн заводы бæрнон бынаты, Люксембург арфæйаг фæллойы тыххæй хорзæхджын æрцыд бирæ Кады гæххæттытæй. Руслан, экономист уæвгæйæ, архайдта адæмы хорздзинадыл. Чызг Тамарæ райста дохтыры дæсныйад æмæ фæкуыста Кировы районы рынчындоны.

Эдислав фæсивæды спорт æмæ физкультурæмæ хуыдта, стыр кад ын уыд районы. Комитеты разамонæг ссис, фæстæдæр раивта Кæрдзыны лентæуафæн фабрикæйы директоры бынатмæ. Стыр хъомыладон куыст фæкодта фæсивæдимæ. Фæстæдæр та арæхстджын разамынд лæвæрдта хъæуы Ныхасæн. Йе стыр ахадгæ куысты фæрцы æвзæрст æрцыд Стыр Ныхасы уæнгæй, фæстæдæр та – Æгъдæутты комитеты сæрдарæй. Йæ арфæйаг куысты тыххæй хорзæхджын æрцыд Ирыстоны кадджын орденæй.

Инус æмæ Дунетхан дардмæ кæсаг уыдысты, æмæ, кæрæдзи æмбаргæйæ, сæ цæрæн хæдзар раивтой, туацъæйы хъæдмæ хæстæг сарæзтой райдзаст хæдзар уæрæх кæртимæ. Цы сыхы цардысты, уым сын уыдис стыр кад, æмæ, ныр цæрдзысты хъæлдзæгæй, зæгъгæ, афтæ сыл ам кæугæ бонтæ акодта. Хистæр фырт Вильгем ахицæн йæ цардæй. Уыцы зындзинады фæстæ Инус æмæ Дунетхан дæр ацыдысты сæ зæххон цардæй, фæстæдæр та – Руслан.

Ацы уæрæх кæрты цæргæйæ баззад Люксембург, абон у бинонты хистæр. Йæ цардæй у разы. Дары фос, бирæ мæргътæ, æмæ ницы хъуаг æййафынц. Æфсымæртæ кæд хицæнæй цæрынц, уæддæр се 'нгомдзинад нæ хæлы, кæрæдзи цардыл сты æнувыд. Сæ кæстæртæ сты бафæзминаг куыд ахуыры, афтæ ирон æгъдауы домæнтæ æххæст кæныны.

«Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы» фæзæгъынц æмæ, æцæгæйдæр Инус æмæ Дунетханмæ куы фехъуысиккой ацы арфæйы ныхæстæ.

Газет «Рæстдзинад» кæсыныл иузæрдион сты абон Люксембург æмæ Эдислав æмæ, куыд алы хатт, афтæ та йæ ныр дæр рафыстой. Уымæн æмæ нæ газет зонгæ кæны рагон царды æмæ абоны фæзилæнтимæ...

**БОГАЗТЫ Арсæмæг, Кæрдзыны хъæуы хистæр**

# Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ






## Дзгойты Еруслан – æцæг хъæбатыр!

**Советон дуджы нæ бæстæ йæхи цæттæ кодта Ленины юбилеймæ. Нæ республикæйы хицауад Нывгæнджыты цæдис æмæ Ирыстоны алы куыстуæтты раззагдæртæн скодта иумæйаг фембæлд. Нæ размæ нын сæвæрдтой ахæм хæс: юбилейон равдыстмæ скæнын нæ хъазуатон кусджыты портреттæ, аивадон уацмыстæ нæ хъайтарты сурæттимæ.**



Хъуамæ мах, нывгæнджытæ, равзæрстаиккам, нæ зæрдæмæ тынгдæр чи цæуы, уыдоны. Æз уайтагъд Дзгойты Еруслан æмæ Гæбуты Геörыл (Тонкæ дæр æй хуыдтой) мæ цæст æрæвæрдтон. Еруслан цыма мæнæуы хуымы æхсæн лæууы, йæ къухты парахатæй дары мæнæуы æфсиртæ, йæ гуырæн зыны æрмæстдæр йæ уæллаг хай. Тынг зæрдиагæй архайдтон мæ куыстыл.

Ерусланы æцæг хъайтар, æцæг хъæбатыр кæй хонын, уымæн та ис æцæг бындур. Кусгæ-кусын дзы домдтон, йæ царды хабæрттæ кæрæй-кæронмæ куыд дзура! Бирæ хорз хабæрттæ фæкодта!

Уæлдай диссагдæр мæм фæкаст иу хабар. Йæ хæдзармæ, Елхотмæ йæм изæрыгон обкомæй æрцыдысты. Дзурынц ын:

– Мæнæ ацы гæххæттытæ райс, ахсæв сæ иу цалдæр хатты бакæс, райсом сæ æнæкъуылымпыйæ трибунæйæ куыд бакæсай!

Еруслан сæ фæрсы:

– Æмæ дзы цы фыст ис, цæуыл хъæудзæн дзурын?

– Ам дæ зондджын ныхæстæм хъусынмæ не 'рцыдыстæм, райс гæххæттытæ æмæ кæс.

– Нæ райсдзынæн, цы дзы фыст ис, уый зæгъут.

– Райсом Кабалоевы йæ куыстæй исæм, æмæ йæ ныхмæ радзурдзынæ!

– Уый та куыд, уый мæ æдзух депутат куы кодта, Мæскуыйы-иу куы уыдыстæм, уæд-иу ын, уый цы палатæйы уыд, уым æмбырдты лæггад куы кодтон, уæд хъуамæ ныр куыд радзурон йæ ныхмæ?

Гъе, уымæ гæсгæ зæгъын: Еруслан æцæг хъæбатыр, æцæг хъайтар уыд. Ахæмтæ куы уаиккам не 'ппæт дæр...

**ДЗБОЙТЫ Михал,**
**Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт нывгæнæг**

## Райгондæй сæмбæлдзæн уазджытыл

**Раст цыма йæ алы уазæджы дæр рагæй зоны, йе 'рбацыдмæ йын æнхъæлмæ каст, афтæ бамбардзынæ фæдзæхст бынат «Цъæййаг»-ы администратор Мæрзойты Тинæйы архайд. Афæрс æй, уæд зæгъдзæн, нæ сæ зонын, мæнæ мæскуыйаг уазджытæ сты, далæ Рязанæй ссыдысты, ацы дыууæ та ахуыргæндтæ сты, нæ æрдз нын иртасынц æмæ афтæ дарддæр.**

Фæлæ фысым, «Цъæййаг»-ы администратор Мæрзойты Тинæ афтæ суазæг кæндзæн уазæджы, æмæ йæ, æнæмæнг, йæ зæрдыл бадардзæн æмæ ма ардæм сыздæхдзæн. Кæуылты у Цъæйы ком, йæ уæлдæф, йæ æрдзон рæсугъддзинæдтæ! Фæдзæхст бынаты уылты схизæн ис Сæгæхцыкомы æхсæрдзæнмæ дæр. Тинæ уыцы бынатыл дæр тынг бамæт кæны, ссардта фæдзæхст бынаты наукон кусджыты æрмæджытæ, уым федта Сæгæхцыкомы æхсæрдзæны тыххæй фыстытæ, къамтæ. «Æнæмæнг, къамтæ фестырдæр кæндзынæн, цæмæй сæ туристтæн уайтагъд мæ бон равдисын уа, уый тыххæй. Туристон фæндагыл ахизыны размæ мæ фæфæрсынц», – зæгъы Тинæ.

Иунæг фарстамæ дæр уазал цæстæй нæ ракæсдзæн, алкæуыл дæр райгондæй сæмбæлдзæн, уæдæ фæдзæхстбынатафтæфадатджынæмæ удæнцой у, æмæ алкæй зæрды дæр æрыфтдзæн ардæм æрбацæуын. Алкæмæн дæр бынат ссардзæн, суазæг æй кæндзæн Тинæ. Алцыдæр – сыгъдæг, райдзаст уæттæ, æппæт фадæттæ, дæ бон дæ фæллад суадзын дæр у, æрдзы рæсугъддзинæдтæй дæр бафсæдын. Хæринаггæнæн – къæбиц ифтонг у, раст хи хæдзары хуызæн. Йæхицæн удæнцойдзинæдтæ нæ агуры йæ куысты Мæрзойты Тинæ, йæхицæй дæр атондзæн, æрбацæуæгæн балæггад кæндзæн.

Уымæн афтæ разæнгардæй ногæй ссæуынц Цъæймæ дард ранæй уазджытæ, цæмæй та сæ зæрдæтæ барухс уой, цæмæй та сæ фæллад суадзой, цæмæй та ногæй сæмбæлой Мæрзойты Тинæйыл, йæ ахаст ын банкъарой...

**БУТАТЫ Розæ,**
**Æрыдоны цæрæг**

## «Ахуыргæнæг, куыд каджын у дæ ном...»

**Ацы цардмæ тындзæг фæсивæды къам мæм æрбахаста Кæрдзыны астæуккаг скъолайы раздæры ахуыргæнæг, абон та – бынæттон администрацийы бæрнон кусæг, бæлвырддæр зæгъгæйæ – нымæрдар Зембатты Ритæ æмæ мын тынг ныллæгъстæ кодта, нæ иунæг ирон арфæйаг газет «Рæстдзинад»-ы фарсыл æй цæмæй ахуыргæнджытæ æмæ уæды ахуырдзаутæ бакæсой.** фæйаг фæллой фæкодта рæзгæ фæлтæрæн арф зонындзинæдтæ дæттыныл. Абон дæр ма бабæрæг кæны йæ уарзон скъола æмæ фæзæгъы, кæд цард цыбыр у, уæддæр дзы хорздзинæдтæ æвдисынмæ тырнын хъæуы.




Мæхицæн стыр хæсыл банымадтон ацы æрмæг ныффыссын, къамы астæуæй чи ис, уыцы Цæрæкты Жаннæимæ фембæлыныл бацархайдтон. Жаннæ мын куыд радзырдта, афтæмæй, Змейкæйы астæуккаг скъола каст куы фæцис, уæд фæлварæнтæ ратта педагогон институтмæ, ахуыры фæстæ йæ арвыстой Кæрдзыны астæуккаг скъоламæ ахуыргæнæгæй. «Ахуыргæнджыты коллектив мыл тынг бацин кодтой, æрбангом мæ кодтой сæхимæ, мæнæн мæ архайд уыдис сабитæн арф зонындзинæдтæ дæттыныл. Мæ дæргъвæтин куысты уый мæ къухы бафтыд, æмæ дæн уымæй сæрыстыр. Ахуырдзаутæ мæнæн уыдысты мæ хуртæ, тынг бирæ сæ уарзтон. Уыдонæй абон бирæтæ систы мадæлтæ æмæ фыдæлтæ. Искæуыл сæ куы амбæлын, уæд сыл тынг бацин кæнын, мæнæ мæ хуртæ, зæгъгæ», – радзырдта мын Цæрæкты Жаннæ.

Жаннæ канд ахуыргæнæг нæ уыдис, фæлæ ма уыдис ирон æгъдау, сылгоймаджы фæзилæнтæ стыр кадимæ æххæстгæнæг, къонайы рæдау, бæркаддæттæг æфсин дæр. Хъæубæсты, сыхбæсты йæ архайд уыдис æнгомдзинадыл, æмæ уый фæрцы абон дæр йæ балæуды вæййы стыр кад, уымæн æмæ алы ран дæр нæ ирон æгъдаумæ гæсгæ йæ фæллойы хай бакæны рæдауæй, рох дзы нæу ахуыргæнæджы каджын ном. Йæхицæн дæр цардмæ рацыдис бафæзминаг цот. Сты ирон æгъдау æмæ фарнил хæст.

Жаннæ хъæуы уынгты куы рацæйцæуы, уæд дуармæ бадæг, ауионы бадæг хистæртæ сыстынц. Уымæн æмæ ар«Арсæмæг, стыр бузныг, ацы къам фенын махæн куыд æхсызгон у, афтæ æхсызгон кæй уыдзæн, «Рæстдзинад»-ы мыхуыргонд куы æрцæуа, уæд къамы скъоладзуаты зонгæтæ æмæ хиуæттæн. Ды архайыс ивгъуыд царды миниуджытæ æвдисыныл, æмæ уый бафæзминаг хъуыддаг у, уымæн æмæ ивгъуыд куы нæ уа, уæд фидæн мæгуыр уыдзæн», – загъта мын Жаннæ.

Царды ма дын бирæ бантысæд, Жаннæ, де 'гъдау, дæ фарн фæцудын ма бауадз. Дæ фæдонты амондæй разы дæ, бирæ хорздзинæдтæ уынаг ахуыргæнæг, мад фæу.

**БОГАЗТЫ Арсæмæг,**
**Кæрдзыны хъæуы хистæр**

## «Рынчыны» уавæрмæ кæсдзыстæм

**Сæрд куы ралæууы, уæд адæмы тас бацæуы, уæдæ та нæ доны хабар куыд уыдзæн, зæгъгæ. Ныр къорд азы дæргъы Къора-Урсдон æмæ Хъарман-Сындзыхъæуы цæрджытæ дæр уыцы «низæй хъæрзынц».**

Мах центрон, Къостайы уынджы цæрæм, æмæ æртæ къуырийы фæдис хъæр кодтам алы дзуапдæттæг оргæнтæм, фæлæ нæм хъусæг нæ уыд, стæй дон цæуылнæ уайы къурантæй, уый аххосаг бæлвырдæй ничи зыдта. Уæдæ ма сæ куыст цы у? Иу дзы иннæмæ амоны, уыдон бафæрсут, зæгъгæ. Ацы бынтондæр нал фаг кæны. Азæй-азмæ сæрды хъизæмарæй амæлæм.

Мæ зæрдыл æрлæууынц ме 'рыгоны бонтæ, уæд Урсдоны донæй хастам царды хос, де уæхсчытыл – къæрæмис дыууæ ведраимæ, дæ иу къухы дæр ма – ведра, афтæмæй. Цы мæгуырбон ныл ныккодта, ныр та уыцы зынмæ куы нæ фаг кæны, уæд – цæмæй? Хуыцау хорз, æмæ коммуналон хæдзарады министр Хъараты Тимур, нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлоимæ фембæлды фæстæ, цæхæрадæттæ донхорыг кæныны тыххæй цы уынаффæ рахаста, уый аивта, æмæ ныр 2026 азы кæронмæ уый тыххæй фиддон, æз ма йæ хъалон (дань) дæр схонин, ист нал цæудзæн.

Цард фæхуыздæрмæ æнхъæлмæ кæсæм, фæлæ ахæм ахсджиаг хъуыддаг алыг кæнын хицæн хъæуы



тæвд рæстæг æнæдонæй цæрæн ис? Æхсæвы дыууæ сахаты-иу куы сси, уæд-иу къурантæй лыстæг тæдзын райдайы, æмæ уæд цырд лæуу йæ уæлхъус æмæ дæ мигæнæнтæ дзаг кæн.

Нæ дзуапдæттæг оргæнты разамонджытæ æфсонæн фæзæгъынц, нал, дам, бæззынц хæтæлтæ, алы рæтты рæдувынц, æмæ уымæн афтæ у, ивын, дам, сæ хъæуы, æмæ фиддонтыл дæр уæлæмæ уымæн схæцыдыстæм. Чи зоны, æмæ иннæ рæтты аххосаг уый мидæг ис, фæлæ мах хъæуы уыцы хæтæлтæ 2016 азы аивтой федералон программæмæ гæсгæ, æмæ уæдæй нырмæ, зæгъын æмбæлы, дон «вариантмæ» раздæхæм? Æмæ, Урсдон дæр бынтон урс нал у – йæ былгæрæттæ алы фæлладуадзæн базæтæ æмæ дачæтæй байдзаг сты, сæ чъизитæ уырдæм уадзынц, æмæ сæ бафæрсæг нæй. Нуазынмæ нæ, фæлæ дзы найынмæ дæр тæссаг у.

Стæй ма иу хъуыддаг. Уæд иу ранæй, уæд – иннæйæ райхъуысы, адæм, дам, сæ цæхæрадæттæ нал кусынц, хæмпæлгæрдæджы бын фесты. Æмæ дæ зын – дæ бакæнын у хуымтæ, фæлæ сæм дарддæр куыд зилгæ у, фæстаг дæсгай азты нын сæрды хур нæ «хурхыл куы бахæцы», уæд? Уыцы заман сæ хъуамæ донхорыг кæнæм, фæлæ дон бануакуы нæ фæразынц дзуапдæтджытæ, уæд фыдæнхъæл не стæм?

Ивгъуыд къуыри уарын æрцыд, æмæ доны тынгадыл бафтыд. Уый та уымæн, æмæ нæ хъæуы цæрджыты фæдисхъæр суанг уæлдæр хицауадмæ фехъуыст, сæ хъаст уырдæм схастой, уый фæстиуæгæн «Водоканал»-ы бригад ссыд донгуырæнмæ. Цытæ дзы бакуыстой, уый ничи зоны, фæлæ дон, кæд бынтон зæрдæйы фæндон – нæ, уæддæр ракалд, æмæ адæм иу гыццыл сулæфыдысты. Дарддæр дæр «рынчыны» уавæрмæ кæсдзыстæм.

**АГЪНАТЫ Зинæ,**
**Хъарман-Сындзыхъæу**

## Доны æртахмæ бæлгæйæ

**Цас æмæ нын цавæр продукт куыд æмæ кæд æмбæлы, уый тыххæй нæ алчидæр уыйас радзурдзæн, æмæ йæ уромæг нæ бауромæдзæн. Доны уавæры тыххæй кæдæй дзурæм, æмæ ма абон дæр уыцы ран стæм. Байхъус, уæд нæ республикæйы разамынд нæ фæрнығадыл тынг мæт кæнынц. Фæлæ доны фарста куыд вазыгджын уыд, афтæ вазыгджынæй баззад...**



Ныртæккæ æмхуызонæй цæхæрадæтты хуымтыл дон кæныныл дзурæм, фæлæ нæхицæн, ома, удæгас адæмæн цæуылнæ фаг кæны дон? Мæнæ æртахгай кæлы Æрыдоны горæты Лермонтовы уынджы хæдзæртты. «Нормæйы», ома, дон куыд æмæ цас æмбæлы, уый кой нын цæмæн кæнынц, ноджы ма дохтырты ныхæстæ дæр райхъуысынц. Ома, ныртæккæйы тæвды 38 градусы тæссаг сты адæмы æнæниздзинадæн. Хорз æмæ нын æй загътат, фæлæ уæд хъуамæ ууыл чи бамæт кæна? Кæд æмæ доны æртахмæ æнхъæлмæ кæсæм (дзаумæттæ æхсыны кой нæм нæма ис, кæддæр, чи зоны, æмбисæхсæв дон сабыргай ракæлдзæн) уæд уый цавæр хабар у?!

Нæ зонæм, иннæ хъæутæ æмæ горæтты доны уавæр куыд у, уый. Фæлæ Æрыдоны горæты тынг уæззау уавæр сæвзæрд. Цы кæнгæ нын у? Кæдæм хъуамæ ацæуæм, кæцæй æрласæм дон?! Ноджы ма алкæмæ машинæ нæй, пенсиисæг цы фæуа? Уыдæттæ бакæсгæйæ, нæ горæты службæтæ хæрдмæ фесхъиудзысты, бæстæ асир-сур кæндзысты. Æвæццæгæн... Фæлæ дон та кæцæй ракæлдзæн? Уынджы иу кæрон куы хæтæлы иу скъуыдæй згъоры дон, уæд – иннæ рагон хæтæлæй... Æрмæст, дам, уæ цæхæрадæтты хуымтæм дон ма уадзут. Нæхæдæг та цы хъуамæ нуазæм?

**ПЛИТЫ Варя,**
**Æрыдоны цæрæг**

Спортивон фидиуæг



Уæззау атлетикæ

# Цас у майдантæн сæ уæз

**Ацы бонты Бетъырбухы уæззау атлетикæйæ цæуынц Уæрæсейы чемпионаты ерыстæ. Арæзт æрцыд Уæрæсейы уæззау атлетикæйы спорты 140 азы кадæн, æмæ дзы архайынц нæ бæстæйы æппæты тыхджындæр атлеттæ. Æдæппæтæй ерысты Уæрæсейы чемпион суæвыныл тох кæнынц 200 спортсмены, се 'хсæн – Ирыстоны уæззау атлетикæйы скъолайы хъомылгæнинæгтæ; æртæ чызджы æмæ авд лæппуйы.**

Сылгоймæгты ерысты фыццаг дыууæ боны (10-11 августы) ирыстойнаг чызджытæ архайдтой æртæйæ. 49 кг онг уæзы ерысты фыццаг хуызæй хорз рауад Æлборты Вадимы хъомылгæнинаг Анастасия Черемныхы архайд. Уый æвиппайды йæ дыккаг рацыды систа 72 кг æмæ цыди 2-аг бынаты. Йе 'ртыккаг рацыды хæстæг уыд 76 кг уæзон штангæ сисынмæ, фæлæ иучысыл фæрæдыд, æмæ йæ разæй фæци Елизаветæ Жаткина – систа 75 кг.

Хъыгагæн, ерысты дыккаг хуызы Анастасия æртæ хатты 'руагъта рæдыдтытæ, æмæ йын нæ бантыст 87 кг уæзон штангæ йæ риуæй сысхойын. Афтæмæй нæ курдиатджын æмзæххон чызг баззад æнæ хæрзиуæгæй. Йæ уæзы 1-аг бынат бацахста Елизаветæ Жаткина, уый дыууæ хуызы систа 170 кг (75+95).

Дыккаг бон Ирыстоны спортуарзджытæн стыр лæвар ракодта Гусалты Зæринæ. Золойты Хъазыбеджы хъомылгæнинаг та ацы хатт дæр равдыста бæрзонд цæттæдзинад æмæ 71 кг онг уæзы йæ разæй никæй ауагъта.

Зæринæ ерысты фыццаг хуызæй йæ дыккаг рацыды 110 кг куы систа, уæд зынгæ фæразæй йæ фæстæ цæуджытæй. Дыккаг хуызы ерысгæнгæйæ, ноджы фæфылдæр кодта йæ размæцыд æмæ дыууæ хуызы систа 240 кг (110+130). Йæ фæстæ 2-аг бынат бацахсæг Евгения Гусева систа Зæринæйæ 21 кг къаддæр 219 кг (99+120).



ГУСАЛТЫ Зæринæ

Уыцы бон нæлгоймæгты ерысы сæрæнæй йæхи равдыста Наниты Руслан æмæ Аланы хъомылгæнинаг Оганнес Вардеванян.

Æппæты рогдæр уæзы (55 кг) ерысгæнгæйæ, Оганнес дыууæ хуызы систа 225 кг (98+127) æмæ бацахста 2-аг бынат. Йæ разæй 1-аг бынатмæ рацыди Исмаил Гаджибеков.

Уыцы бон изæрæй не 'ртыккаг чызг Теблойты Данæ (тренер – Золойты Хъазыбег) 87 кг онг уæзы рамбылдта 2-аг бынат. Данæ дыууæ хуызы систа 215 кг (98+116).

Æппæт уæзты чемпионтæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ сбæрæг уыдзысты абон, 13 августы. Ирыстойнаг спортсментæй уыцы бон ерысты архайдзысты: 102 кг – Теблойты Сæрмæт æмæ Хадаты Сосланбег, 109 кг – Наниты Тимур æмæ Годжыцаты Дмитри, +109 кг – Наниты Арсен æмæ Мерденты Арсен.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Рæсугъддзинад

# Уардитæ амонд хæссынц

**Нæ алыварс, æвæдза, диссаджы адæм цæрынц, чидæр дзы цæхæрадæттæм зилы, чидæр – дидинджытыл æфтауы, рæсугъддзинад фылдæрæй фылдæр кæнынц. ХАСИТЫ Мзия та афтæ уарзы уардитæ, æмæ сæ хæдзарæй уæлдай социалон хызты дæр сæ къамтæ равæры.**

Йæ царды уардитæ куыд фæзындысты, уый тыххæй райдайæн къæлсты ахуыргæнæг афтæ радзырдта: «Мæ уардиты цæхæрадонил цæуы фондз азы, уарзгæ та сæ кæнын мæ сабибонтæй, раст цыма къароlы чызджытæ сты, ахæм цæстæй сæм кæсын. Иу афон социалон хызты фæкомкоммæ дæн уардиты тыххæй æрмæгмæ, базыдтон ногдзинæдтæ. Бафæндыд мæ уардиты куыст кæнын. Æндæр дидинджытæ дæр уарзын, фæлæ уардитæн мæ зæрдæйы уæлдай бынат ис.

Мæ фыццаг уарди «Фламментанц» кæддæр мæ мадæн балæвар кодтон, ныр дæр нæ хъæуы дидинæг калы. Ныртæккæ мæм ис цыппарсæдæ къутæры, уардиты хуызтæ дæр уый бæрц. Мæ зæрдæмæ куы фæцæуа, уæд дзы уайтагъд дыууæ-æртæ райсын. Сæйрагдæр хъуамæ низтæн уа быхсон, йæ хуыз æмæ йе скондæй – зæрдæмæдзæугæ. Гораты зæххы хæйттæ чысыл сты, æмæ мæ уардиты иу хай хъæумæ аластон.

Æппæт уардитæ дæр мын уарзон сты, нæ сæ хицæн кæнын. Сæ иутæн сæ тæф дзæбæх у, иннæтæн – сæ бакаст, æртыккæгтæн – сæ рæсугъддзинад. Ма сæ уарзон – уымæн гæнæн нæй. Махæн нæ климæт дзæбæх у, фæлæ сæм уæддæр зилын хъæуы. Уардитæн февзарын сæ фидар хуызтæ, ома хостæй сæ нæ фæпырх кæнын. Кæд азмæ иу хатт, уæд хорз. Уардитæ нæм хорз зайынц.

Сæ иутæ цалдæр хатты дæр ракалынц, сæрдсæрды дæргъы æмхуызонæй дидинæг фæкалынц. Дзæгъæлы сæ нæ ралыг кæндзынæн, цæхæрадоны сæм кæсын уарзын. Фæлæ сын сæ талатæ зонгæтæн, хиуæттæн раттын, фæзæгъын сын, мæ ном сылиу сæвæрут, зæгъгæ. Уадз æмæ алкæмæ дæр ацы рæсугъддзинад уа.



Бинонтæ мæ цуры вæййынц, æнæ уыдоны æххуысæй хъуыддаг нæ бантыстаид. Уардитæм зилын хъæуы, мæ фырттæ арæх хъазæн ныхас фæзæгъынц, ома уардитæ æлхæнын ныууадзын хъæуы. Фæлæ мын сæ иу 8 мартъимæ 60 уардийы балхæдта – уымæй ма лæвар дæр уа! Мæ ахуырдзаутæ дæр мын мæ архайд зонынц, талатæ сын арæх балæвар кæнын. Нæхимæ дæр сæ æрбахонын, уадз æмæ феной уардиты цæхæрадон. Уыдæттæ сабитæн æхсызгон вæййынц.

Социалон хызты равæрын уардиты къамтæ, хъуамæ сын адæм зоной сæ рæсугъддзинад. Уайтагъд ссарын мæн хуызæн хъуыдыгæнджыты. Хызты руаджы базонгæ дæн уардиты куыстгæнджытимæ, кæрæдзийы фæлтæрддзинадимæ зонгæ кæнæм. Сæ цæхæрадæттæ фенынмæ дæр ацæуын. Иухатт ссардтон Цхинвалы уардиты цæхæрадон, ацыдтæн æмæ базонгæ дæн йæ хицауимæ.

Мæ бон у ахæм амынддзинад раттын: уардиты хуызтæ иртасут, куыд садзгæ сты, уыдæттæ базонут. Мæхæдæг дæриу раздæр рæдыдтытæ 'руагътон, фæлæ тæрсын нæ хъæуы. Æппæт хъуыддæгтæ та нæ алкæмæн дæр æхцондзинад æрхæсдзысты. Алы аз дæр мæхицæн фæзæгъын, æгъгъæд скæн, фæлæ та мæхи нæ бауромын... Æрæджы та бафæдзæхстон уардиты 20 къутæры.

Хаситы Мзия æрмæст сывæллæтты нæ ахуыр кæны, уый ма хистæрты дæр æфтауы рæсугъд хъуыддагыл. Йæ цæхæрадон уымæн æвдисæн – фæллой йын йæ зæххы хайæ рауайын кодта дидинæгкалгæ цæхæрадон...

**ХЪАБАНТЫ Дианæ**

Фыдызæхх адджын у

# Æххормаг карк йæ фыны нартхоры нæмыг фæуыны

**Уый та дын йæ дзуапп Турчы цæрæг ирон лæгæн... Уазæгуаты уыдис цалдæр мæйы размæ ам Æрчъегкаты Демыр. Æрбынат кодта йе 'рвадæлтæм Дзæуджыхъæуы. Демыры тынг фæндыд ацæуын æмæ фенын, йæ рагфыдæлтæ кæм цардысты, уыцы хæхбæстæ. Акодтам æй, абалц кодтам хæдтулгæйы Хохы Дæргъæвсмæ.**

Цæвиттон, уырдыгæй алыгъдысты 1864 азы. Уыцы рæстæг ирæттæ Туркмæ, горæт Измирмæ цыдысты фыццаг – Сау Денджызы сæрты ахизгæйæ, галуæрдæтты къуырийæттæ-мæйгæйттæ, чи зоны, фылдæр рæстæг дæр баззадысты-иу фæндæгты, тыхтухитимæ æмæ æххормæгтæй... Сывæллæттæй, стæй хистæртæй бирæ мæлгæ дæр акодта...

– Нæ цард, нæ хъысмæт диссаг у, æвæдза. Чингуыты фыссинаг æмæ киноты æвдисинаг. Ныртæккæ горæт Измиры цæры 4 мин иронæй фылдæр, æгасæй та дзы ис 4 милуанæй фылдæр цæрæджы, стыр горæт у. Куы 'рбахъарм вæййы, уæд цæрджыты нымæцыл бафты 3 милуанæй фылдæр, уыйбæрц туристтæ нæм æрбацæуы. Уый уымæн, æмæ цæрæм 4 денджызы астæу: Эгей, Сау денджыз, Мраморон денджыз æмæ Измиры донкæлæн... Османы паддзахад нын ратта Хъарсы цур зæххытæ цыппар хъæуæн, Муссы дæр – фондз хъæуæн, Иоузгаты, Сиваты дæр. Ирæттæ цыдысты Сочийæ Трабзонмæ Сау денджызы сæрты. Мурат-доны кæрæтты уыдис нæ цæрæнбынат. Нæ зæххытæ хорз уыдысты, фос дардтам, дон нæм дзæбæх цыд.

Горæт Арзруммæ 'ввахс дыууæ хъæуы Æрчъегкатæ цардысты. Ныр дæр ма дзы ис ирон хъæу Хъарачоба, иронау – «Сау фыййау», баззад ма дзы дыууæ хæдзары, Мусы дæр ма ис æртæ хæдзары махæй, æз уым райгуырдтæн. Ирæттæ сæ зæххытыл куыстой, байтыдтой-иу мæнæу, нартхор, хъæдур, стæй ма – неси æмæ харбыз дæр. Мах адæм бæх бирæ уарзынц, æмæ йæ нæ ифтыгътам. Бæх нæм буц уыди, табуйаг, хъазтмæ-иу бæхыл цыдыстæм.. Чындз дæр-иу йæхæдæг бадти бæхыл, кæд нæ уæндыди, уæд та-иу æй фургоныл ластой.





Алы хæдзары дæр уыд ацы цæрæгой. Хъæутæ кæрæдзимæ хæстæг уыдысты. Ныртæккæ рæстæг аивта, æмæ чындзы рахæссынц хæдтулгæйыл, фæлæ уæддæр бирæ нæлгоймæгтæ кадджынæй бæхыл бацæуынц чындзæхсæвмæ.

Иууылдæр нæ, ардыгæй чи ацыд, уыцы адыгейæгтæ, абазæгтæ, кæсæгтæ, цæцæйнæгтæ æмæ абхазæгты «черкестæ» хонынц. Ис нæм алы мыггæгтæ: Æлбегатæ, Буратæ, Æрчъегкатæ, Гугкатæ, Бедойтæ, Борæтæ, Чеджемтæ, Абырæгатæ, Ацæтæ, Богъатæ, Уæлладжыртæ, Бахъаратæ. Туркæгтæй бирæтæ-иу дзырдтой, кад, æгъдау æмæ сыгъдæгдзинадыл ирæттыл сахуыр стæм, зæгъгæ. Турчы сæм ирон адæймаг тынг кадджын у. Хонынц нæ æргом, æнæхин æмæ рæстуд адæм. Махмæ арфæтæ фæкæнынц, сымахмæ та – кувгæ.

Рагацау-иу фехъусын кодтой чындзы хæдзарæн æмæ-иу бæхты дугъы ауагътой. Барджытæй-иу чи фæуæлахиз, уымæн æгъдау кодтой. Чызг куы фæдæттынц, уæд мады фæфæрсынц, исты зæгъыс дæ чызгæн, зæгъгæ, æмæ уæд мад бафæдзæхсы: «Ды нæ чызг дæ, фæлæ нырæй фæстæмæ та уым ис дæ хæдзар. Уым сты дæ мад æмæ дæ фыд, исты хæрам сын куы ракæнай, сæ зæрдæ сын куы асæттай, уæд мæ зæрдæ асæтдзæн. Хистæртæн кад кæн, ныхас мæм ма 'рхæсс». Раздæр-иу чызг æмæ лæппу сæ чындзæхсæвы иумæ нæ уыдысты, лæппу хъуамæ уыдаид къухылхæцæджы хæдзары. Фæлæ ныр та рæстæг æндæр у, чызг æмæ лæппу иумæ фæбадынц. Хистæртæ иронау фæдзурынц, стæй хицæнæй фæбадынц, кæстæртæ дæр – хицæнæй. Хистæрмæ адджын дон раттынц, науæд та йæм раттынц дыргъыдон, æмæ сын арфæ ракæны: «Фарны къах авæрут!» Чи ракувы, уый иу кафт ракæны, стæй уæд æртæ гæрахы акæны чъегъре наганæй (чъырагъойæ), æмæ чындзы, фæндыр цæгъдгæйæ, ракæнынц.

Мах, ирон адæм, нæ кады, нæ рады, нæ бадты, не 'гъдауы, нæ нуæзты, нæ ирондзинады ницы фесæфтам, куыд уыдис нæ фыдæлтæм, афтæ сæ кæнæм. Иуæйиу хатт æндæр адæймаг æрбацæуы, зæндтæ фæамоны, афтæ хуыздæр уыдзæн, афтæ саразут, зæгъгæ... Фæлæ мах сæрыстыр, кадджын, æгъдаухæссæг адæм стæм, нæ ирон æгъдау æххæст кодтам æмæ кæндзыстæм дарддæр дæр!

Бæргæ, бирæ ирæтты фæнды сæ фыдæлты зæхх фенынмæ, чи зоны, – æрцæрынмæ дæр... Фæлæ, куыд фæзæгъынц: «Карк æххормаг куы вæййы, уæд йæ фыны нартхоры нæмыг фæуыны...» Цард фæндонæй нæу! – дзырдта нын, Дæргъæвсмæ цæугæйæ, Æрчъегкаты Демыр.

**БЫЗЫККАТЫ Земфирæ**

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ









**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-54, 25-92-72.**

**Металлоизделия, двери, ворота, навесы из лексана, покраска ворот. Тел.: 8-928-928-88-24.**



**Покраска ворот компрессором, не снимая ворот. Тел.: 8-918-706-65-15 (Казбек).**

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Выполняем ремонтные работы: шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат. Тел.: 8-989-039-78-89 (Казбек).**

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**

Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ **– 25-93-36,** компьютерон цех **– 25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2702. Заказ № 885. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**